

25 me

[Kris la] Li fè lapè grasak san li sou kwa a.

Kolosyen 1. 20

Pou mwen menm, mwen p ap janm vante tèt mwen, amwenske se ta pou kwa Senyè nou an, Jezi Kris. Grasak li, Bondye krisifye lemonn pou mwen, e, li krisifye m annegad lemonn. Galat 6. 14

De aspè nan kwa Kris la

– Fondasyon lapè nou ak Bondye.

Sou lakwa a, Jezi te bay lavi li pou nou, li te pote chati-man, peche nou yo te merite. Konsa, kwa a se fondasyon lapè nou ak Bondye. Nou wè Bondye tankou sila ki “te tèl-man renmen lemonn ki te bay sèl pitit li a” (Jan 3. 16). Sou kwa a, Bondye revele l alafwa kòm sila ki renmen nou an, e sila ki jis la. Li kondane peche epi li jistifye pechè a ki repanti (Women 3. 26). Sou kwa a, gras Bondye a touche nou, leve nou epi sove nou. Li rekonsilye nou ak li, li fè nou devni pitit li e li mete nou nan prezans li. Li plen nou ak rekonesans ak lwanj.

– Fondasyon temwayaj chak jou nou.

Si kwa a mare nou ak Kris la, li separe nou tou ak monn nan nan zafè moral. “Yo te krisifye m ansanm ak Kris. M ap viv, men se pa mwen menm ankò k ap viv, se Kris k ap viv nan mwen” (Galat 2. 20). Konsa tou, lemonn rejte tou menmjan ak li. Tou de bagay sa yo mache ansanm : si kwa a vin kanpe nan mitan nou menm ak peche nou yo, li kanpe tou nan mitan nou menm ak monn nan. Nan premye ka a, li mete nou an pè ak Bondye ; nan dezyèm nan, li mete nou fasafas ak monn nan, epoutan se kote nou dwe viv epi fè byen, imite Kris.

Sonje de aspè kwa a. Eske nou pral aksepte premye a epi refize dezyèm nan ? Sou kwa a, Bondye envite nou pou nou antre nan “wayòm Pitit byenneme l la” (Kolosyen 1. 13), men tou, pou nou soti moralman nan monn kote Satan se sèl chèf.

25 mai

[Christ a] fait la paix par le sang de sa croix.

Colossiens 1. 20

Pour moi, qu'il ne m'arrive pas de me glorifier, sinon en la croix de notre Seigneur Jésus Christ, par laquelle le monde m'est crucifié, et moi au monde. Galates 6. 14

Deux aspects de la croix de Christ

– Le fondement de notre paix avec Dieu.

Sur la croix, Jésus a donné sa vie pour nous, il a porté le châtiment que méritent nos péchés. Ainsi la croix est le fondement de notre paix avec Dieu. Nous y voyons Dieu comme celui qui “a tant aimé le monde qu’il a donné son Fils unique” (Jean 3. 16). À la croix, Dieu s’est révélé à la fois comme celui qui nous aime, et celui qui est juste. Il condamne le péché et justifie le pécheur qui se repent (Romains 3. 26). À la croix, la grâce de Dieu nous touche, nous relève et nous sauve. Elle nous réconcilie avec lui, fait de nous ses enfants et nous place dans sa présence. Elle nous remplit de reconnaissance et de louange.

– Le fondement de notre témoignage journalier.

Si la croix nous lie à Dieu, elle nous sépare aussi moralement du monde. “Je suis crucifié avec Christ ; et je ne vis plus, moi, mais Christ vit en moi” (Galates 2. 20). Nous sommes donc, comme lui, rejetés par le monde. Les deux choses vont ensemble : si la croix est venue se placer entre nous et nos péchés, elle se place aussi entre nous et le monde. Dans le premier cas, elle nous met en paix avec Dieu ; dans le second, elle nous met en opposition avec le monde, où nous devons pourtant vivre et faire le bien, imiter Christ.

Retenons ces deux aspects de la croix. Allons-nous accepter le premier et refuser le second ? À la croix, Dieu nous invite à entrer dans “le royaume du Fils de son amour” (Colossiens 1. 13), mais aussi à sortir moralement du monde dont Satan est le chef.